



Pou Piblikasyon Imedya: 11/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 15 NOMINASYON POU RANTRE YO NAN REJIS LYE ISTORIK ETA & NASYONAL YO

Sit yo reprezante istwa varye ki gen ladan Simetyè Gilded Age Staten Island lan, Moske ki pi ansyen nan Vil New York ki egziste, yon konplèks kominotè ki pa gen machin nan Fire Island ak yon kay konsèvatè lagè revolisyonè nan Hudson Valley

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Konsèy Eta a pou Prezèvasyon Istorik (State Board for Historic Preservation) rekòmande pou ajoute 15 pwopriyete nan Rejis Lye Istorik Eta ak Nasyonal (State and National Registers of Historic Places) yo, ki gen ladan yon simityè familyal Staten Island ki te kreye pou moun ki pi rich nan Gilded Age America, ki se pi ansyen moske Mizilman ki egziste nan Vil New York, kay yon Konsèvatè Hudson Valley nan epòk kolonyal ki te kouri ale Kanada apre Revolisyon Ameriken an, ak yon kominote Fire Island ki te fonde kòm yon konplèks ki gen afilyasyon relijye ak plis pase yon syèk de sa.

"New York gen yon istwa ki long epi ki kaptivan, epi ogmantasyon sa yo nan Rejis Istorik yo pral ede rekonèt ak selebre sa Eta nou an gen pou ofri", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Rekòmandasyon sa yo nan Rejis Eta ak Nasyonal yo pral ede asire tou resous yo disponib jan sa nesesè pou lye sa yo ak istwa pa yo pou yo pwoteje ak konsève yo pou enspire jenerasyon kap vini yo".

Rejis Eta ak Nasyonal yo kapab ede pwopriyete yo modènize pwopriyete yo, sa k ap fè yo vin kalifye pou plizyè pwogram ak sèvis prezèvasyon piblik, tankou sibvansyon kontrepati eta a yo ak kredi taks federal ak eta ki disponib pou reyabilitasyon istorik yo.

"Nominasyon yo reflekte angajman Eta a pou sipòte seri istwa enkwayab ki prezan atravè New York", **Erik Kulleseid, ki se Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) te deklare,** "Garanti rekonesans pou lye sa yo pral ede kenbe istwa sa a vivan epi vibran".

"Dènye nominasyon kontinye angajman Divizyon pou Konsèvasyon Istorik (Division for Historic Preservation) la pou deziyen ak sipòte sit istorik yo ki reprezante istwa popilasyon divès Eta nou an", **deklarasyon Daniel Mackay, Komisè adjwen pou Prezèvasyon Istorik nan Pak Eta yo.**

Depi lè Gouvènè Cuomo te antre an fonksyon an 2011, Eta te apwouve itilizasyon kredi enpo komèsyal pou reyabilitasyon pou plis pase 1,000 pwopriyete istorik, ki ankouraje plis pase 12 milya dola nan investisman prive. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Rejis Eta ak Nasyonal yo se lis ofisyèl bilding, estrikti, distrik, peyizaj, bagay ak sit enpòtan nan listwa, achitekti, akeyoloji, ak kilti Eta New York ak peyi a. Gen plis pase 120,000 pwopriyete istorik toupatou nan Eta a ki nan Rejis Nasyonal Lye Istorik la, endividyèlman oswa tankou eleman nan distrik istorik yo. Mèt pwopriyete, minisipalite, ak òganizasyon nan kominote toupatou nan eta a te fè pwomosyon nominasyon yo.

Lè Komisè ki sèvi kòm Fonksyonè Prezèvasyon Istorik Eta a fin apwouve rekòmandasyon yo, y'ap antre pwopriyete sa yo nan Rejis Lye Istorik Eta New York la epi apre sa y'ap pwopoze yo pou yo mete yo nan Rejis Lye Istorik Nasyonal la, kote y ap egzamine yo, epi yon fwa yo apwouve yo, y'ap antre yo nan Rejis Nasyonal la.

W ap jwenn plis enfòmasyon, ak foto sou nominasyon, disponib sou [sitwèb](#) Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la.

Distri Kapital

Peter Sander van Alstyne House, Konte Columbia - Ke yo konnen tou kòm The Tory House, rezidans an brik Olandè Kolonyal sa a te bati nan zòn Kinderhook imedyatman anvan Revolisyon Ameriken an. Li te okipe pa Peter Sander van Alstyne, yon Lwayalis ki te sèvi kòm yon ofisyè nan lame Britanik la pandan lagè a. Apre sa, yo te oblije li kite New York pou reyentegre li nan Ontario, Kanada, epi yo te konfiske kay sa a ak pwopriyete a. Kay sa a rete pou itilizasyon rezidansyèl.

Gallatin Reformed Church and Cemetery (Legliz ak Simetyè Refòme Gallatin), Konte Columbia - Yo te bati tanp rasanbleman an estil Federal la ant 1823 ak 1824 pou ranplase yon estrikti ki te la anvan, e li gen ladan yon presbitè, yon sal pawasyal, ak yon simetyè ak tonm ki date depi ane 1770 yo. Pou konsève karaktè orijinal li, legliz la refleto eritaj relijye Olandè Refòme rejyon an, pandan simetyè a konsève egzanp primitif ak distenge an matyè atizay finèrè.

Central New York

Upsilon Alpha Chapter, Chi Omega House, Konte Onondaga - yo te bati kay sa a tou pre Syracuse University nan 1910 yo epi li te itilize kòm yon kay chapit fratènèl pou fanm yo apati 1919. Li te rete nan itilizasyon chapit la, ki te afilye ak fratènite Chi Omega fanm nasyonal la, jiskaske chapit la te kraze an 1992. Bilding nan raple lavi kolèjyal fanm yo nan matye 20èm syèk la.

Finger Lakes

Third Ward Historic District Boundary Expansion, Konte Monroe - Sitiye nan Rochester, zòn sa a reprezante yon katye rezidansyèl ak komèsyal ki gen sèt blòk ke yo konnen

kòm Corn Hill ki dat nan ane 1830 yo. Ekspansyon fwontyè a elaji distrik orijinal la ki te ki nan lis an 1974 la yon fason konsiderab. Malgre ke li gen ladan anpil resous ki sanble ak sa yo ki deja nan lis, li tou dokimante epi ajoute prezans Afriken Ameriken nan katye a, ki te kòmanse nan 19èm syèk la ak pwolonje nan 20èm syèk la.

St. Mark's Episcopal Church and Cemetery (Legliz ak Simetyè Episkopal St Mark), Konte Genesee - Konstwi an 1869 e ki fèt pa achitèk enpòtan Rochester a Andrew Jackson Warner, legliz Renesans Gotik nan vilaj LeRoy te bati apati wòch kalkè ke yo te ekstrè lokalman epi ki konsève prèske tout karakteristik orijinal li yo. Pwopriyete a gen ladan yon simetyè ki date depi 1826.

Long Island

Distri Istorik Point O'Woods, Konte Suffolk - Sitiye nan sant Fire Island, distri sa a gen ladan plis pase 60.7 kawo tè nan yon ansyen konplèks Chautauqua ki te fonde an 1894 avèk sipò minis legliz metodis yo. Apre sa li te vin yon kominote prive epi otonòm, Point O'Woods te kenbe yon anfas sou lwazi aktif ak legliz la nan nwayo li. Kòmanse avèk asosyasyon prematire konplèks la nan ak Women's Christian Temperance Union, kontribisyon fanm yo te jwe yon wòl enpòtan nan istwa distri a. Kenbe apeprè 169 rezidans, yo konsève kominote estival sa a san wout pou otomobil epi li karakterize pa yon varyete gwo kay pa gen etaj an estil bado ak chalè plaj.

Mid-Hudson

Gustav & Marion Fleischmann House, Konte Westchester - Rezidans estil Newokolonyal la nan Peekskill te bati an 1927 epi konsepsyon an te fèt pa achitèk enpòtan Chester A. Patterson. Se te kay Gustav Fleischmann Jr., yon egzekitif an chèf ak Fleischmann Yeast Company ki te gen yon izin fabrikasyon ak distilasyon masif nan Peekskill ki te anplwaye dè milye moun anvan yo te fèmen an 1977 apre uit deseni an operasyon laba.

Child Welfare Association of Mamaroneck (Asosyasyon Byennèt Timoun nan Mamaroneck), Konte Westchester - Te ouvri an 1927, klinik swen sante sa a te fè pati yon mouvman nasyonal pou adrese bezwen byennèt timoun yo paske anpil fanm te kite kay yo pou yo rantre nan efò lagè a pandan Premye Gè Mondyal la. Reflete istwa li nan sante piblik, bilding estil Newokolonyal la se yon sant sante kominotè kounye a.

New York City

Chevra Torah Anshei Radishkowitz, Brooklyn - Sinagòg sa a te konstwi nan ane 1920 yo nan katye Brownsville pou sèvi imigran jwif yo ki te rive soti nan lès Ewòp lè zòn nan te youn nan pi gwo koloni imigran konsa Ozetazini. Reflete chanjman demografik nan katye a. Kominote Afriken Ameriken an te itilize bilding lan kòm yon legliz depi nan mitan ane 1960 yo.

Moslem Mosque, Brooklyn - Sitiye nan katye Williamsburg, yo te achte ansyen legliz Methodist ak klìb sosyal sa a pou itilize kòm yon moske an 1931 pou sèvi imigran Lipka Tatar Muslim yo ki te soti nan Polòy, Byelorusi, ak Lityani. Lipka Tatar Muslim te premye etabli nan Lityani an 14èm syèk. Sa a se moske ki pi ansyen ki egziste nan Vil New York, epi li se premye lye adorasyon pèmanan pou Sosyete Mohammad Ameriken (American Mohammad Society) an, youn nan pi ansyen òganizasyon Islamik ki te fòme nan Etazini.

St. Stephen's Mission Church Complex (Konplèks Legliz Misyon St. Stephen) Bronx - Legliz Renesans Gotik ki pi modèn ki te bati ant 1900 ak 1901 nan katye Woodlawn, ki te grandi kòm yon rezidans pou travayè ki te enplike nan konstriksyon New Croton Aqueduct la. St. Stephen se bilding legliz ki pi ansyen ke yo ap itilize kontinyèlman nan katye a.

Vanderbilt Cemetery and Mausoleum, Staten Island - Sa se yon sit simetyè prive ki mezire anviwon 6.5 ekta ki sitiye o somè Todt Hill, nan 401 pye ki se pi wo pwen natirèl nan senk minisipalite Vil New York yo a ak elevasyon ki pi wo a sou plenn kotyè Atlantik soti Florida rive Cape Cod. Li te komisyone an 1883 lidè enpòtan nan Gilded Age ki se William Vanderbilt, pitit gason Cornelius "Commodore" Vanderbilt, ak nonm ki pi rich nan Amerik la nan moman lanmò li. Konsepsyon an te fèt pa achitèk Richard Morris Hunt ak konseptè peyizaj Frederick Law Olmsted, yo te rapòte ke mozole ak lakou granit masif ak ta dwe etablisman ki pi chè nan peyi lè li te fini li an 1887. Simityè a te rete itilize pou manm fanmi Vanderbilt la. Ikòn mòd Gloria Vanderbilt la te antere an 2019.

Southern Tier

Rockland Silk Mill, Konte Steuben - sitiye nan Hornell, ansyen etablisman endistriyèl sa a date depi 1894 e li te ede etabli vil la kòm dezyèm pi gwo manifakti twal swa nan peyi a, sa ki fè li vo tit "Vil Twal Swa". Etablisman an te itilize pa plizyè antrepriz konsa yo anvan li te fèmen an 1923.

Coast Guard Motor Lifeboat 40300 (Bato Sovtaj A Motè Gad Kot 40300), Konte Tompkins - ki kochte nan Ithaca, bato sovtaj a motè an asye galvanize sa a ki nasyonanman siyifikatif mezire 40 pye te bati an 1940 nan Curtis Bay, Maryland, kòm yon pwototip pou ranplase bato sovtaj an bwa estanda ke Gad Kot Ameriken te itilize. Kòm premye bato sovtaj a motè epi an asye ki te soude epi konplètman elektrikasye Gad Kòt la, bato t ap sèvi pou prèske kat deseni sou Lak Michigan lan. Kounye a li se pwopriyete prive epi kounye a li ap fonksyone kòm yon mize k ap flote ansanm ak yon bato sovtaj Gad Kòt oksilyè.

Western New York

Bank of East Aurora, Konte Erie - Ki kounye a ap itilize kòm yon sit evènman, ansyen bilding bank sa a te konstwi an 1922 epi li te sèvi ankraj pou yon koridò Main Street ki t

ap devlope. Apre li fin pase anba men plizyè enstitisyon finansye diferan, filyal la te fèmen an 2016.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreyatif, ak lansman bato, ke yon kantite rekò 77 milyon moun te vizite an 2019. Resaman, yon etid inivèsite te jwenn ke depans State Parks yo ak vizitè yo fè rapòte 5 milya dola nan pwodiksyon ak lavant, sipòte 54,000 djòb nan sektè prive an, epi plis pase 2.8 milya dola anplis pou PEB (an kreyòl, Pwodwi Enteryè Brit) Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite parks.ny.gov, konekte sou [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)